QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

## 2022- jıl yanvar-dekabr ayları
## (dáslepki maǵlıwmat)



Tel.: 61-222-75-87
www.qrstat.uz

*2022- jıl yanvar-dekabr aylarında*




Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası kárxanaları tárepinen 17794,6 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 100,6 % ti quradı.




Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, 15398,2 mlrd.som, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (86,5 %) ti quradı.







* Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw – 13,8 % ke, slep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń - 0,8 % ke,elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw – 0,5 % ke ósiwine xızmet etti. Sonday-aq, taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew– 21,8 % ke kemeygenligi gúzetildi.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew




Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 152,9 mlrd. somdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,9 % tin quradı.



# Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw



*2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında*

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te

**Hák tas**




**Tabiyiy gaz**




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-dekabr | 2022- jıl yanvar-dekabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Hák tas, mıń t. | 171,1 | 231,1 | 60,0 |
| Tabiyiy gaz, mln. kub.m. | 1947,8 | 1312,3 | -635,5 |

**Gaz kondensatı**




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-dekabr | 2022- jıl yanvar-dekabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Gaz kondensatı, mıń t. | 89,3 | 79,1 | - 10,2 |

*2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında*







2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 15398,2 mlrd. somdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 86,5 % tin quradı




Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,1 % ti (2021- jıl yanvar-dekabr 0,9 %), orta-joqarı texnologiyalı – 58,7 % (62,0 %), orta-pás texnologiyalı 5,3 % (4,7 %) hám pás texnologiyalısı – 35,9 % (32,4 %) ti quradı.



Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 59,2 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 98,2 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 17,9 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 109,6 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 15,9 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 107,5 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 3,9 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 113,6 %) quradı.

**Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti**
**Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te**

Araq




Paxta shigiti




Cement




Ósimlik mayı (tazalanǵan)




Iydirilgen jip




Jumsaq biyday hám spelta unı



2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 3,9 mıń tonna tazalanǵan gúrish (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 14,8 % ke), 288,9 mıń tonna portlandcement (6,4 %), 37,4 mıń tonna paxta talası (4,1 %), 53,1 mıń tonna paxta shigiti (4,1 %) iislep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge, 4,6 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (33,6 %), 107,2 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (14,6 %), 3748,4 mıń litr araq (6,2 %), 16,1 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (1,2 %) hám islep shıǵarılıp, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-dekabr | 2022- jıl yanvar-dekabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Araq, mıń litr 100 % li spirt | 3994,5 | 3748,4 | -246,1 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 6937,9 | 4604,3 | - 2333,6 |
| Paxta talası,t | 35948,2 | 37421,0 | 1472,8 |
| Jumsaq biyday hám spelta unı t. | 125518,3 | 107211,4 | - 18306,9 |
| Polietilen, mıń t. | 304,9 | 295,8 | - 9,1 |
| Polipropilen, mıń t. | 87,1 | 83,7 | -3,4 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

2021-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 61,4 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 105,6 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 58,5 % ti, fizikalıq kólem indeksi 91,2 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 9014,8 mlrd. somdı quradı.




## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021-jıldıń yanvar-dekabr aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 14,8 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 100,5 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 16,4 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 9,2 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 2522,2 mlrd. somdı quradı.

## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021-jıldıń yanvar-dekabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 13,7 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 107,4 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 14,8 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 7,1 % ke kemeygen bolsa, islep shıǵarıw kólemi 2282,5 mlrd. somdı quradı.



## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 3,5 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 112,0 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-dekabrr aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 3,9 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 13,6 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 600,6 mlrd. somdı quradı.




## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,2 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 102,6 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,5 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 114,6 % ti quraǵan. bolsa, islep shıǵarıw kólemi 238,2 mlrd. somdı quradı.

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında kiyim islep shıǵarıwdıń úlesi 0,9 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 84,8 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında kiyim islep shıǵarıwdıń úlesi 1,1 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 111,6 % ti quraǵan bolsa, islep shıǵarıw kólemi 165,4 mlrd. somdı quradı.



## Mebeller islep shıǵarıw

2021-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola mebel ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,8 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 110,0 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022-jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,8 % ti, fizikalıq kólem indeksi 113,8 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 127,2 mlrd. somdı quradı.




## Rezina hám plastmassa ónimler islep shıǵarıw




2021-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, rezina hám plastmassa ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 124,6 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022-jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,7 % ti, fizikalıq kólem indeksi 131,2 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 106,9 mlrd. somdı quradı.

## Basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw

2021-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti quradı, fizikalıq kólem indeksi bolsa 132,5 %.

Sonday-aq, 2022-jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,5 % ti, fizikalıq kólem indeksi 89,2 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 77,5 mlrd. somdı quradı.



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 2122,8 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 11,9 % tin) quradı.

2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 100,5 % ti quradı.

yanvar-dekabr
mlrd. som




yanvar-dekabr
FKI, % te




### Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-dekabr | 2022- jıl yanvar-dekabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Elektroenergiya, mln. kVt.s | 5232,9 | 5373,6 | 34,6 |
| Issılıq energiyası, mıń gkal | 62,9 | 53,4 | - 9,4 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 120,7 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,7 % tin) quradı.







## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-dekabr | 2022- jıl yanvar-dekabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, mln. som | 7385,5 | 8608,6 | 1223,1 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, mln. som | 16930,4 | 18228,7 | 1298,3 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler 16,6 % hám qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler–7,7 % ke óskenligi gúzetildi.

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 3319,2 mlrd. somdı quradı hám 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 109,5 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 18,7 % ti quradı.

### Azıq-awqat ónimleri



64,4 %
2022- jıl yanvar-dekabr

60,5 %
2021- jıl yanvar-dekabr



Tutınıw ónimleriin islep shıǵarılıwınıń ósim páti (109,5 %) darejesinen joqarı kórsetkish Ámiwdárya (140,8 %), Ellikqala (132,5 %), Shomanay (126,3 %), Bozataw (122,8 %), Shımbay (122,3 %), Qaraózek (120,8 %) Moynaq (120,6 %), Xojeli (115,5 %), Nókis (112,8 %) hámde Beruniy (109,8 %) rayonlarında quradı.

Sonday-aq 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti kórsetkishleri Nókis qalası (91,2 %) hámde (89,8 %) Taxtakópir rayonında gúzetildi.

### Aziq-awqat emes ónimler

Tutınıw ónimleriin islep shıǵarılıw quramında azıq-awqat ónimleri 64,4 %, azıq-awqat emes ónimler 35,6 % ti quradı. 2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında tutınıw ónimleriniń jámi kóleminde azıq- awqat ónimleriniń úlesi 60,5 %, azıq-awqat emes ónimlerdiń úlesi 39,5 % ti quradı.

Sonday-aq, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda azıq-awqat ónimleriniń ósim páti 112,0 %, azıq-awqat emes ónimler ósim páti 105,1 % ti quradı.



35,6 %
2022- jıl yanvar-dekabr

39,5 %
2021- jıl yanvar-dekabr



## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 19,7 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 11,6 % ti, Ellikqala rayonı 10,8 % ti, Tórtkúl rayonı 8,7 % ti, Ámiwdárya rayonı 8,0 % ti, Beruniy rayonı 6,9 % ti, Xojeli rayonı 6,8 % ti hám Shımbay rayonı 5,8 % ti quradı.




### Qaraqalpaqstan Respublikası

2804,2 mlrd. som

2020- jıl yanvar-dekabr

2945,6 mlrd. som

2021- jıl yanvar-dekabr

3319,2 mlrd. som

2022- jıl yanvar-dekabr




islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriniń úlesi



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Ellikqala rayonına 20,6 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Nókis qalası 16,7 % ti, Tórtkúl rayonı 9,0 % ti, Xojeli rayonı 8,0 % ti, Ámiwdárya rayonı 7,3 % ti hám Shımbay rayonı 6,3 % ti quradı.










Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat emes ónimleriniń úlesi



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalası na tuwrı kelip 21,3 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 16,1 % ti, Tórtkúl rayonı 8,5 % ti, Ámiwdárya rayonı 8,3 % ti, Beruniy rayonı 7,5 % ti hámde Xojeli rayonı 6,1 % ti quradı.

1605,0 mlrd. som
2020- jıl yanvar-dekabr

1783,0 mlrd. som
2021- jıl yanvar-dekabr

2136,2 mlrd. som
2022- jıl yanvar-dekabr




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi






## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 53,4 % ti), Taqıyatas (12,2 %), Qońırat (5,2 %), Tórtkúl (3,9 %), Ámiwdárya (3,4 %) hám Beruniy (2,9 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

2020- jıl
13981,3 mlrd. som

2021- jıl
16630,4 mlrd. som

2022- jıl
17794,6 mlrd. som



2020- jıl
102,5 %

2021- jıl
107,4 %

2022- jıl
100,6 %



## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (28654,8 mıń som), Taqıyatas (26709,1 mıń som) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (9067,7 mıń som) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.




2020- jıl
7316,2 mıń som

2021- jıl
8589,6 mıń som

2022- jıl
9067,7 mıń som



2020- jıl 101,1 %

2021- jıl 106,0 %

2022- jıl 99,3 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 1691,4 mıń som bolǵanda Taqıyatas rayonında 5069,6 mıń somdı, Taxtako'pir rayonında 2841,6 mıń somdı, Ellikqala 2157,2 mıń somdı, Nókis qalasında 1967,5 mıń somdı hám Xojeli rayonında 1786,0 mıń somdı quradı.











## Sanaat ónimleri islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi

Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 3744,6 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 21,0 % ti quradı

2020- jıl — 3457,4 mlrd. som

2021- jıl — 3675,4 mlrd. som

2022- jıl — 3744,6 mlrd. som



2020- jıl — 24,7 %

2021- jıl — 22,1 %

2022- jıl — 21,0 %



## Qaraqalpaqstan Respublikasında hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3633 sanaat kárxanaları háreketτe bolıp, sonnan 2028 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 55,9 %) Nókis qalasına 722 (19,9 %), Tórtkúl rayonına 373 (10,3 %), Ámiwdárya rayonına 312 (8,6 %), Beruniy rayonına 311 (8,6 %), Ellikqala rayonına 310 (8,5 %) tuwrı kelmekte.

Jami jańadan ashılǵan kárxanalar

801 dana
2020- jıl yanvar-dekabr

789 dana
2021- jıl yanvar-dekabr

853 dana
2022- jıl yanvar-dekabr




Jami hárekettegi kárxanalar

2918 dana
2021- jıl 1-yanvar jaǵdayına

3211 dana
2022- jıl 1-yanvar jaǵdayına

3633 dana
2023- jıl 1-yanvar jaǵdayına



## Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı.

Qaraqalpaqstan Respublikadaǵı sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń joqarı ósim pátine erisiwde tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıw jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı da óz tásirin kórsetti. Usı dástúr sheńberinde kiritilgen 44 joybar boyınsha 612,1 mlrd.somlıq ónimler islep shıǵarıldı. Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde islep shıǵarılǵan ónimler 12,7 mln AQSh dollari muǵdarında eksport qılındı.

Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında 88 jańa jumıs orınları jaratıldı ham ótken jıldıń sáykes dáwirne salıstırǵanda jańadan jaratılǵan jumıs orınları sanı 37,6 % ke kemeygen. Sonıń menen birge 2021-jıldıń yanvar-dekabr aylarına salıstırǵanda jergiliklestirilgen ónimler eksportı kóleminiń kemeygenligi gúzetildi.

| | 2021- jıl yanvar-dekabr | 2022- jıl yanvar-dekabr |
|---|---|---|
| Joybarlar sanı, *birlikte* | 59 | 44 |
| Kárxanalar sanı, *birlikte* | 49 | 26 |
| Islep shıǵarıw kólemi, mlrd.som | 1553,9 | 612,1 |
| Jańadan jaratılǵan jumıs orınları, *birlikte* | 234 | 88 |